

**ФУДМУГГАГ НÆ ФÆУУЙ, ФАЛ ФУДЛÆГТÆ БА – БЕРÆ!..**

***Григорий СКОВОРОДА (1722-1794), украинаг философ: «Тæккæ вазуггиндæр наукити зонунади хецау уогæй, фал хуæрззæрдæ ка нæй, уомæй знаггадæгæнæг дæр ма ци ес? Æ еугур зонундзийнæдтæй е испайда кæндзæнæй хæрандзийнадæн...» Раст цума Украини нури разамунди туххæй æй æ загъд...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№29 (855) 2022 анзи 29 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ЦАУ



### АМОНД ЕРУЙ ХÆЛАРÆЙ КА ЦÆРУЙ, Е!..

Еугонд Нацити Организаци 2011 анзи 3 майи иснисан кодта хæлардзийнади Æхсæнадæмон бон, кæци уæдæй ардæмæ бæрæггонд цæуй алли анз дæр 30 июли. Æ нисан æй – адæмти бон кæрæдзей балæдæрун ку исуа, уæд син еумæйаг рæстуод архайдæй бантæсдзæнæй нæ дуйне цæрунæн фæххуæздæр кæнун, нæ абони берæ фидбилизтæй фæййервæзун. Еци гъуддæгутæ цæйбæрцæбæл ахсгиаг æнцæ еугур адæмтæн дæр, е ба лæдæрд æй, уæлдайдæр ба абони. Сагъæссаг нин ку исæй, Украини нури разамунд е ‘знæт сæризундæй ку исæзманста æхе адæми сабур цард дæр, æма ку ниххæлхъойтæ кодта иннæ паддзахæдти ‘хсæн рахастдзийнæдтæ.

Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 3-5-аг фæрстæбæл.



# ÆРИГОНÆЙ БАЗОНÆ ÆМА УАРЗÆ ДÆ ФИДИБÆСТÆ!..

Евгъуд рæстæгути ци ахсгиаг æма æнæгъæнæ дзиллæн дæр æхцæуæн цаутæ æрцудæй, уонæй нæ æримисун фæндуй еуей – дæс æма æртинсæй анзей размæ, 1952 анзи 1 августи Дзæуæгигъæуи байгон æй æригон туристти республикон станцæ. Арæзт ба æрцудæй Цæгат Иристони адæмон ахуради хъæппæресæй.

Е цæйбæрцæбæл раст æма гъæугæ унаффæ адтæй, уой бавдиста рæстæг, уæдта ирæзгæ фæлтæрти æнæнездзийнадæбæл ауодуни æма сæ рæстмæ гъомбæлади гъуддаги цæйбæрцæбæл агъазиау адтæй æ ахедундзийнадæ, е дæр бæлвурдæй рабæрæг æй æ берæвæрсуг архайди фæрци. Махмæ, Цæгат Иристони туризми ирæзтæн еугур равгитæ æма гæнæнтæ дæр ке ес, е рагæйдæр зундгонд адтæй.

Æма имæ советон доги устур æргом ке æздахтонцæ, е дæр лæдæрд æй – туризм ба æй адæймаги, уæлдайдæр ба кæстæрти ирæзгæ уодиконди æма зундирахасти гъомбæлади фæрæзнæ, уæдта си адæймаги тухæбæл æфтуйуй тухæ. «Нæдтæй ма тæрсетæ, æрдхуæрдтæ! Балций сæбæл ка рацæуй, уонæн берæ æхцæуæндзийнæдтæ раттунцæ.

Фæсарæйнаг бæститæмæ рабалци кæнуни размæ бал дæхе бæстæ базонæ. Сумах банкъардзинайтæ, е куд рæсугъд, гъомусгин æма урух æй, уой...» – дзурдта номдзуд рохситауæг Ираклий Андроников.

Балций цæун ка уарзуй, етæ хъæбæр æхцæуæнæй исæмбалдæнцæ нæ республики æригон туристти станци байгони цаубæл. Станций организацион кустити фæсте республики скъолатæ сæхе цæттæ кæнун байдæдтонцæ фиццаг республикон æмбурдмæ. Уой байгон кодтонцæ 1956 анзи Тарскийи коми. Фæстæдæр уæхæн æмбурдтæ арæзт цудæй Цъæййи, Курттати коми...

8

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ




Нæ газети сæрмагонд уæлæфтауæн «Царди айдæнæ»-йи фæндзæймаг рауагъди бакæсæн ес аллихузон æрмæгутæ. Зæгъæн, нæ аййевади номдзуд архайæг **Цæрикъати Маирбеги** цард æма исфæлдистади туххæй æрмæгутæ. Мухур сæ кæнæн, æ райгурдбæл 29 июли 95 анзи ке æнхæст кæнуй, уомæ гæсгæ.

Æрæги Дзæуæгигъæуи мухури рацудæй æссон аййевадон литератури бундорæвæрæг **Отарати Керими** киунугæ «Заман» – æнцæ си е ‘мдзæвгитæ дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй.


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР.**

***Альбер КАМЮ (1913-1960), францукзаг финсæг: «Дæ ихæс æй, цæмæй кæнай раст æма хуарз, гъома, ахсгиагдæрбæл ци нимайис, уой. Æнцон æй е? Нæй, уомæн æма ахсгиагдæр гъуддаг алкæддæр зиндæр æнхæстгæнæн фæууй!..»***

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...



**Павел КОСОВ, «Росагролизинг»-и генералон директор**

– Нæ бæсти будурти нуртæккæ косунцæ 570 минемæ хæстæг гъæуунхæдзарадон техникон фæрæзни, уогæ ба си гъæуама уа 680 мин трактори æма комбайни. Цуппар анзей дæргъи нæ багъæудзæнæй алли анз дæр трактортæ 19 минемæ æма комбайнтæ 10,5 минемæ хæстæг. Фарæ бантæстæй 16 мин трактори æма 8 мин комбайни балхæнун. Нæ будурти косæг техникæн кæд æма 2013 анзи æ 24% адтæй фидибæстон, уæд нур ба еци бæрцæй иссæй 50 процентемæй минкъий фулдæр.

Фиццаградон национ проект æма æндæр федералон æма регионалон программитæ æнхæст кæнгæй, 2022 анзи январи-июни Цæгат Иристони арæзт æрцудæй цæрæнуæтти 185 890 квадратон метри. Нæ республики арæзтади æма архитектури министрадæй куд игъосун кæнунцæ, уотемæй евгъуд анз еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, е æй 18,1 проценти фулдæр. Аци анз пайда кæнун ци цæрæн фæзуæттæй байдæдтонцæ, уонæй 67 618 квадратон метрей бæрцæ хауй берæфатерон цæрæнуæттæмæ, 118 272 квадратон метри ба – хе хæдзæрттæмæ.



Цæгат-Кавказаг агротехнологон колледжи (Æрæдони) 22-27 августи рацудæй Æхсæнрегионалон чемпионат «Æригон профессионалтæ». Аци мадзал арæзт æрцудæй фиццаг хатт, архайдтонцæ си Республикæ Саха (Якути) æма Цæгат Иристони минæвæрттæ. Еристæ адтæнцæ фараст дæсниадебæл: туризм, рæуæг хуæдтолгитæ цалцæг кæнун æма зелун, гъæдтæй пайда кæнуни æма сæ нæуæг кæнуни инженери, уæдта ма никкидæр цалдæр, экономики нуриккон домæнтæмæ ахсгиагæй гъæугæ дæсниæдтæбæл.



## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

**Цæгат Иристони æрдзон равналæнтæ æма экологий министради игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, 2018 анзи завод «Электроцинк» ку исæхгæдтонцæ, уæдæй Дзæуæгигъæуи экологий уавæр бæлвурд фæххуæздæр æй. Уомæн æвдесæн – фæстаг цалдæр анзей дæргъи ами фæууинæн ке нæ адтæй, еци зæрбатугутæ, сирдтон цъеутæ æма дидинбиндзитæ заводи исæхгæди фæсте ардæмæ æрбаздахтæнцæ. Кокай-фурт куд зæгъта, уотемæй сædæ анземæй фулдæрей дæргъи косгæй, завод куйгæлдзæн æрхи цæугæдонмæ ке калдта, еци уæззау згъæртæ нур дæр аци цæугæдони иссерæн ес.**

***

Бурони фельдшерон-акушерон косæндони раздæри бæстихайии раздæр афтек дæр бæргæ адтæй, фал æй фарæ цæмæдæр гæсгæ исæхгæдтонцæ. Аци медицинон косæндони нæуæг азгъунсти дæр афтекæн бунат бæргæ радех кодтонцæ, фал æй игон ба нæ бакодтонцæ: хуастæ имæ ласт нæ цудæй. Нур афтек рæхги байгон уодзæнæй, уой туххæй бал нерæнгæ лæвæрд æрцудæй сæрмагонд сертификат.

***

**Мæцути ба æрæги байгон æй фельдшерон-акушерон пункт. Уой фæрци Дигоргоми гъæути цæргутæн фæззиндтæй дæсни медицинон агъаздзийнадæй пайда кæнуни фадуат. Аци медицинон косæндони косдзæнæнцæ терапевт, фельдшер, медицинон хуæрæ, санитаркæ, уой хæццæ ба ма син байгон кæндзæнæнцæ афтек дæр.**

***

Уæрæсей планетарити Ассоциацимæ хаст æрцудæй Дзæуæгигъæуи планетарий дæр – е æй Цæгат Кавкази еунæг уæхæн наукон-рохсадон косæндонæ, кæци бацудæй еугуруæрæсеуон æмæхсæнадæмæ. Тагъд рæстæги ба ассоциаций иуонгтæ, сæ хæццæ Цæгат Иристони минæвæрттæ дæр, уотемæй æрæмбурд уодзæнæнцæ сахар Армавири – уоми 12 августи арæзт æрцæудзæнæй сæрмагонд фестиваль.

***

**Бæрзондхуæнхон альпинистон центр «Коми-Арт»-и æрæги сæрмагондæй кизгуттæн арæзт æрцудæй спортивон лагерь. Æ нисанеуæг – фæййагъаз кæнун алли кизгæн æхецæн спорти зæрдæмæдзæугæдæр хузæ равзарун. Мадзали архайдтонцæ Уæрæсей алли рауæнтæй æрбацæуæг 75 кизги.**

***

Зундгонд ахургонд Чибирти Людвиги монографи «Осетинская нартиада» англисаг æвзагмæ ратæлмац кодта Цæгат Иристони паддзахадон университети фæсарæйнаг æвзæгти кафедри доцент Карсанти Еленæ. Киунугæн бал мухургонд æрцудæй æ фиццаг тираж – 500 экземплярий.



## УНАФФÆ ГЪÆУАМА АДÆМИ ПАЙДАЙÆН УА...

Нæ республики Парламенти совети радон æмбурди æрдзубанди кодтонцæ Уæрæсей регионти социалон-экономикон райрæзтбæл хуæрзæрдæмæ ка фæззиндзæнæй, уæхæн закъонти проекттæ исфедар кæнунбæл.

Депутатти фæндæмæ гæсгæ, æййивддзийнадæ хаст æрцæудзæнæй «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий транспорти хъалонти» закъонмæ. Дзубанди цæуй, цæмæй уæхæн хъалонтæ федæнæй уæгъдæ уонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, тугъдон буцæути архайгутæ æма æндæртæ.

Ахуради туххæй федералон закъонмæ этнокультурон ахурадон программити фæлгæти, алкæмæндæр гъæуама барæ уа, циуавæр æвзагбæл ахур кæнун æй фæндуй, уой равзарунæн, уæлдайдæр ба маддæлон æвзагбæл.

Бакалавриат æма специалитети программитæбæл ахур кæнун ке фæндуй, сæ ниййергутæ тугъдон буцæути ветерантæ кæмæн æнцæ, еци сувæллæнттæн уæлæнхасæн бартæ аразун уæлдæр ахурадæ райсунæн агъазгонд цæудзæнæй бюджети фæрци – уæхæн закъони проекти фарс дæр рахуæстæнцæ депутаттæ. Бийнонти ‘хсæн ци седзæр сувæллæнттæ гъомбæл кæнуй, етæ сæ хуæртæ æма æнсувæрти хæццæ цæмæй ма хецæн кæнонцæ, уой тухххæй син гъæуама барæ уа еу скъоламæ цæунæн – уæхæн æййивддзийнадæ бахæсдзæнæнцæ Уæрæсей Бийнонти кодекси 54-аг статьямæ.

Органикон продукттæбæл, æнæмæнгæ, гъæуама уа маркировкæ, экологон æгъдауæй кæдзос ке ‘нцæ, уой æвдесæг – аци æййивддзийнадæбæл дæр исгъæлæс кодтонцæ.

Æмбурди ма æркастæнцæ, гъæуунхæдзарадон нисанеуæг кæмæн ес, еци зæнхитæй æнхæстæй пайдагонд æма кустгонд ку нæ цæуонцæ, зæрæстон ку кæнонцæ, уæд сæ хецæуттæмæ домæнтæ фæккарздæр кæнуни тухххæй федералон закъони проектмæ дæр.

Уæрæсей Хецауадæмæ Новосибирски депутаттæ фæндæ бахастонцæ, цæмæй хæдзайрон æма дзæгъæл цæрæгойтæн искæнонцæ, нимад кæми цæуонцæ æма багъæуаги рæстæг æнцондæр агорæн уонцæ, уæхæн еумæйаг информацион базæ.

«Цæргути санитарон-эпидемиологон уавæр», «Нæ алфамбулай гъæуай кæнуни» æма «Уæрæсей æфсæнвæндаг транспорти тухххæй» федералон закъонтæмæ дæр æййивддзийнадтæ гъæуама хаст æрцæуа, цæмæй æфсæнвæндæгтæмæ хæстæг ци обекттæ аразунцæ, уони унæр сабургæнæн фæрæзнитæй ефтонг кæнонцæ. Паддзахадон экспертизæ гъæуама аци фарстамæ е ‘ргом раздаха, – фæннисан кодтонцæ Совети иуонгтæ.

Лæгдзийнади æртæ орденемæй ке исхуарзæнхæ кодтонцæ, Уæрæсей раздæр уæлдай æскъуæлхтдзийнадтæ ка равдиста, уонæн аллимæйон материалон агъаз кæнуни тухххæй федералон закъонмæ дæр æркастæнцæ.

Адыгейи республики Паддзахадон советти депутаттæ сæ фæндæ бахастонцæ Уæрæсей фæллойни æма социалон гъæуайкæнуйнади министрадæмæ, цæмæй æркæсонцæ æма фадуат иссеронцæ, æнæбари æ цæрæн бунат ка ниуугъта Украини, Лугански æма Донецки республикити, еци цæргутæн социалон агъази тухххæй.

Гъæути еудадзуг ка цæруй, еци силгоймæгтæн æртиккаг сувæллони райгурди хæццæ еухаттон материалон агъаз бакæнун, сæ карæмæ нæ кæсгæй. Е, æнæмæнгæ, хуæрзæрдæмæ фæззиндзæнæй гъæути цæрæг адæми нимæдзæ фулдæр кæнунбæл. Уæхæн фæлтæрддзийнадæ ес Татарстани республики æма сæ фæндæ бахастонцæ Уæрæсей Хецауадæмæ. Сæ хуарз гъудий хæццæ исарази ‘нцæ Цæгат Иристони депутаттæ дæр.

Совети æмбурди ма дзубанди кодтонцæ æндæр фарстатæбæл дæр.

## ГЪÆУБÆСТИ ТУХСТ БАЛÆДÆРУН АФОНÆ ‘Й!

Цæгат Иристони устурдæр гъæутæй еу, Лескени зингисервæзтитæй ервæзунгæнæн хайадæ арæзт кæд раги æрцудæй, уæддæр нерæнгæ косгæ ба нæ кæнуй. Гъæуи цæргути еци уавæри фæдбæл айуан кæнунцæ: «Кадæр хæрæг уасунмæ куд дардта…» Гъæуи бунæттон администраций сæргълæууæг **Текъати Артур** уотæ зæгъуй:

– Бæстихай арæзт æрцудæй 2017 анзи. Зингхуссунгæнгутæн уæд равардтонцæ хуæдтолгæ дæр. Бунæттон цæргутæ рацудæнцæ ахуртæ, æма син лæвæрд æрцудæй æмбæлгæ æвдесæндартæ. Фал куст æ бунатæй нæ фезмалдæй, уомæн æма финансон агъаз нæййес. Алли анз дæр гъæуи æрцæунцæ зингисервæзтитæ. Ервæзунгæнæн хæстæгдæр хай ба æй Чиколай – Лескенæй 20 км æндæдæр. Зингхуссунгæнæн хуæдтолгæ æрхъæртуй æгæр æрæгæмæ, – зæгъуй Артур.

Фарста ралух кæнунбæл администраци рагæй архайуй.

– Нæ курдиæдти хæццæ, – зæгъуй Текъати Артур, – цалдæр хатти нæхе бахадтан æнæнгъæлæги цауити министрадæмæ, уæдта районы разамундмæ дæр, цæмæй зингхуссунгæнæн пост дарунæн гъæугæ фæрæзнитæ хаст æрцæуонцæ бюджетмæ. Фал нерæнгæ, нæ зæрдæ цæмæй барохс уа, уæхæн унаффæн æ кой дæр нæма ес.

Гъæубæстæ ба тухсунцæ: Хуцау ма зæгъæд, фал сугъди фидбилиз ку ‘рцæуа, уæд кудтитæ уодзæнæнцæ… Æма афонæ нæй уони тухст балæдæрунæн, еци ахсгиаг гъуддаг гъæугæ хузи райаразунæн?



**Граждайнаг тугъди рæстæг уорсгвардионти къохæй гъезæмайрагæй ци 17 сурхæфсæддони, партизани мард æрцудæнцæ, уони æнсувæрон цирти рази 1957 анзи августи æвæрд æрцудæй 24 метрей бæрзæндæн циртдзæвæн.**

# ТРИ МОНОЛОГА ЛЮБВИ



***У великого украинского поэта Тараса Шевченко есть такие строки:***

***Мий боже милий! Як хотилось,***
***Щоб хто-нибудь мени сказав***
***Хоч слово мудрее; щоб я знав…***

***Таких слов мудрых немало произносилось в советские времена, когда народы нашей огромной страны, которые все они искренне называли Родиной и когда все они – разных национальностей и вероисповедания – действительно жили единой братской семьей.***

***Испокон веков такие, полные взаимоуважения отношения были и с Украиной… И все это в одночасье порушили прорвавшиеся во власть «политики» нацистского толка. И такую прекрасную страну из созидательной стали превращать в поле брани.***

***И, конечно, понятна ностальгия по тем полным добра и взаимоуважения временам. Потому и решили мы воспроизвести сегодня размышления Нафи Джусойти, у которого были самые тесные братские взаимоотношения со своими украинскими коллегами и соратниками.***

## ЗАЧИН

Знаю, говорить о своей любви даже в стихах, даже родному краю, даже на такое большое расстояние, какое пролегло между моими кавказскими горами и украинской степью, трудно и неловко. И я произношу эти слова смущенно, тихо, как бы про себя. Потому – монологи...

Но что же заставляет высказываться в таком разе? Неужели нельзя молчать, если чувствуешь, «Что сил нет выразить, что высказать нет слов»? (Коста Хетагуров).

Да, конечно, если бы это чувство являлось единственно моим индивидуальным состоянием, то молчание было бы куда как естественней. Но когда это чувство всеобщее нравственное состояние твоего поколения – людей, говорящих на разных языках, воспитанных на разных национальных традициях, живущих на неоглядных просторах нашей общей Родины, то его необходимо осознать как явление новое в развитии Человека и его культуры. А ведь это явление не только новое, не только личностное, но и общественное, социально значимое, в исторической перспективе – всемирное, в культурном процессе всех народов – творящее начало. И его нужно осмыслить, выразить, воплотить.

Мне думается, что это новое чувство, новое нравственное состояние человека в нашем обществе есть самое благородное и человечное завоевание социалистического мира за недолгий срок его существования. И возникло и сложилось оно в интернационалистской атмосфере нашего жизнетворчества, в процессе созидания новых форм человеческого общежития, формирования нового человека и его новой нравственной и художественной культуры. Я говорю о том простом и общеизвестном факте, что ныне наши люди и наши национальные художественные культуры обрели новое качество – реальное и очевидное идейно-художественное и нравственно-психологическое единство.

Разумеется, это – единство самостоятельных, в целом ряде случаев, великих национальных культур. Но многообразное и интенсивное межнациональное общение помогло им развить и утвердить свою национальную самобытность и в то же время обрести такуго органичность и глубину связей с другими культурами, которую мы по праву осознаем как наше идеологическое, нравственно психологическое и художественное единство. Единство, которое могло сложиться лишь в атмосфере интернационалистской практики материального и духовного творчества.

Такая атмосфера культурного творчества, по моему разумению, значит, что деятели культуры разных языков и традиций уже не могут обходиться без глубокого знания художественных исканий творцов других национальных культур. В этой атмосфере самочувствие художника в потоке многоязыкого культурного движения постепенно приближается к его творческой ориентации в родной национальной стихии. Имя этому самочувствию художника – всеобщая связь каждого со всеми независимо от различия языков и культурных традиций. И эта связь уже стала новой неотъемлемой чертой самосознания и самочувствия, реального нравственного состояния всех мыслящих художников нашего времени.

В такой творческой атмосфере знание искусства друзей из всей разноязычной литературы стране становится серьезной необходимостью для каждого труженика наших литератур. У меня есть счастливая возможность знакомиться с произведениями украинских, белорусских и грузинских поэтов в подлиннике, а с творчеством других наших поэтов знакомлюсь через «русские переводы». Счастливая потому, что только подлинник дает читателю почувствовать поэтическое слово в изначальной чистоте, красе и силе. Подлинник – это не только чувства, мысли и во образжение художника, но и его язык, Язык, который лишь на родной почве обладает эстетической самоценностью, названной необычайно проницательным Иваном Франко «поэзией языка» и начисто исчезающей в переводном аналоге. К тому же общение с поэзией в подлиннике – это общение с самой интимной сутью поэтического характера художника. Такое общение предоставляет возможность в лице иноязычного поэта приобрести друга и брата – по сердечной отзывчивости, доброте, исканиям мысли, по самочувствию в этом сложном и противоречивом мире.

И если не лукавить, то я чувствую как «прекрасное присутствие» одних, так и живое дыхание других поэтов в нашем многоязычном художественном процессе. И без них я был бы не только беднее и в жизни, и в своем скромном труде, но чувствовал бы себя, говоря словами Шевченко, как на «окрадений земли».

Размышляя о нашем единстве, о нашем новом нравственном состоянии, мы все формулируем свои соображения обобщенно, исходя из общего художественного опыта. И это естественно. Но видимо все замечают, что за обобщающими формулами и за рассуждениями о наиболее зримых и важных явлениях в культурном процессе исчезают конкретность и многообразие реальных фактов, чувств, живых связей. И приходит мысль, что не следует забывать и о наших единичных, сугубо личных тропинках к иноязычным культурам. Ведь практически, на деле, наше единство, наше интернационалистское самочувствие в реальной жизни и в конкретном творчестве складывается на этих индивидуальных путях – из единичных фактов, встреч, чувств, связей, наконец, из биографического опыта.

И пусть простится мне, что осмеливаюсь говорить о своей тропинке, которая привела меня с вершин кавказских гор на Украину, к ее великой культуре. Может быть, нескромно упоминать о ней, но я благодарен ей – с мальчишеских лет шел по этой тропе, и моему сердцу она дала чувство сыновней привязанности к украинской степи, к украинской народной песне, к слову и языку Шевченко. И об этом чувстве мои тихие слова – мои монологи.

5

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Сирдонмæ, дан, еухатт бацудæй æ синхон æма си коруй:*

*– Дæ хæрæг, кæд си неци косис, уæд мæмæ ‘й ку раттисæ…*

*– Уæу-уæу!.. Гъенур ци ракæнон?.. Минкъий раздæр ку æбацудайсæ… Дæ хуæдразæй ибæл нæ биццеу сог ласунмæ рандæй гъæдæмæ…*

*Куддæр уотæ загъта, уотæ æ хæрæг скъæти ниууаста.*

*– Ходуйнаг дин нæй, Сирдон, – бауайдзæф ин кодта синхон. – Дæ хæрæг скъæти уогæй, мæнгæттæ цæмæн дзорис?..*

*– Æма ‘й цæмæй зонис, скъæти æй, уой?*

*– Уæртæ ин æ уасун нæ игъосун?*

*– Нæ, ходуйнаг дæуæн æй, мæнбæл ка не ‘ууæндуй, фал хæрæги уастбæл ка æууæндуй!..*

***

Мæнгæттæ дзорунмæ Сирдони кæд еске рамулдта, уæд нæ нуриккон хецауеуæггæнгутæ. Адæми цардиуаги уавæртæ хуæздæр кæнунбæл архайунæй ихæсгин уогæй, уой фæдбæл уадессагæй неци аразунцæ, уотемæй ба сæхе æстаунтæбæл иселлæг унцæ, гъома, уоййасæбæл хуарздзийнæдтæ райаразтан – æма дессаг! Æма син сæ мæнгæ дзубандити фæдбæл, ку бауайдзæф кæнунцæ, уæдта низзæрдихудтæ унцæ, цæмæннæ нæбæл не ‘ууæндетæ, зæгъгæ… Уæхæнтти туххæй ес уæхæн рагон латинаг загъд: «Цæстуингæ æцæгдзийнадæ æвдесæйнæгти гъæуагæ нæй!..» Æцæгдзийнадæ ба уæхæн æй, æма хецæуеуæггæнгутæ айдагъдæр сæхецæн аразунцæ хуарздзийнæдтæ, хумæтæг адæм ба уæхæн равгитæй æнæхай æнцæ.



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Ма æууæндетæ нæдæр дæхе, нæдæр æцæгæлæнтти дзубандитæбæл, æууæндетæ айдагъдæр дæхе æма æцæгæлæнтти гъуддæгутæбæл…»**

Уæд мах аллихатт, куд фæззæгъунцæ, еци-еу пахсабæл цæмæн рафсæрæн?!. Хецаудзийнади хиццаг бунæттæмæ кенæ депутат исунмæ ка фæттундзуй, уони рæсугъд дзубандитæбæл бауууæндæн, фал фæффудевгед уæн – сæхеуон сæхердигæй ку фæууй, уæд си сæ зæрдæвæрдтитæ феронх унцæ… Мах бæргæ фæффæсмон кæнæн, фал бабæй иннæ хатт дæр уæхæн сайди амæттаг бауæн…



**Франческо ПЕТРАРКА (1304-1374), итайлаг поэт: «Мах рæстæгæй æнаккагдæр рæстæг некæдма адтæй…»**

Нæ зонæн, аци номдзуд лæгмæ æ догæ уоййасæбæл æнаккаг цæмæн фæккастæй, фал, зæгъæн, мæнæ нуриккон, æнаккагдзийнæдтæй æ тæккæ идзаг рæстæги цæргæ ин ку рауадайдæ, уæдта, цума, ци загътайдæ?.. Æвæдзи нин хъæбæр зæрдристæй фæттæрегъæд кодтайдæ…



**Василий СУХОМЛИНСКИЙ (1918-1970), украинаг ахургæнæг: «Дæ алли ракиндæ дæр фæббæрæг уй иннæ адæмбæл; дæ фарсмæ ма адæймаг ке ес, е ди ма уæд иронх…»**

Аци зундгин загъд, бæргæ, ку фегъосиуонцæ нæ абони хецаудзинади бæрзонди бадгутæ æма ‘й ку балæдæриуонцæ цидæриддæр аразунцæ æма аразуйнаг æнцæ паддзахади цардарæзти, уони исæцæг кæнуни размæ бал сагъæс ку кæниуонцæ: нæ бæсти ци адæм цæруй, уони цардиуагæбæл «сæ реформитæ» куд фæббæрæг уодзæнæнцæ?.. Ка ‘й зонуй, уæд дзиллæ, еуемæй хецаудзийнадæй аразидæр уодзæнæнцæ, иннемæй ба сæ цæсти цитгиндæр уодзæнæй…

**Æртинсæй анзей размæ (1962 анзи 1 августи) косун байдæдта бальнеологон санатори «Хъæрмæдон».**

***Цæгат Иристони арæзт æрцудæй æхсæнадон организаци «Богдан Хмельницкийи номбæл Украинаг национ-культурон æхсæнадæ «Славутич». Æ сæрдар иссæй Виктор Хамаза. Æхсæнади сæйрагдæр нисантæй æй, уæрæсейаг наций еудзийнадæ федар кæнунбæл, алли адæмихæттити 'хсæн рахастдзийнæдти хузæнондзийнадæбæл архайун.***




# ФУДГÆНÆГÆН Æ ФУДМИУТИ ФУДÆНХÆ ÆХЕБÆЛ ÆРЦÆУЙ…



**БАЛИКЪОТИ Тотраз,**
историон наукити доктор, профессор

Украини нуртæккæ ци цаутæ цæуй, уонæмæ гæсгæ мæ зæгъуйнæгти фиццаг хай (мухургонд æрцудæй нæ газети айразмæ номери) фæдтæн, дуккаг дуйнеуон тугъд ракъахгæй фашистон Германи ци фудирай исонибон цæттæ кодта Украинæн, уой фæдбæл дзубандийæй. Немуцаг нацизми сæйраг идеолог Йозеф Геббельс, сæ тогмондаг нисантæ дзоргæй, зæгъæн, Советон Цæдесмæ æрбалæборуни хуæдразмæ, 1941 анзи 16 июни æ бонуги æргомæй ниффинста: «Нур ба нæ бон исуодзæнæй еци гъæздуг бæсти хомаги гæнæнтæй æнхæстæй пайда кæнун… Мадта, размæ. Украини гъæздуг будуртæ нæ сæхемæ хонунцæ…»

Уой хæццæ ба сæмæ ардигон адæми сагъæс æгириддæр нæ адтæй – етæ сæ гъудæнцæ куд хумæтæг косгутæ уотæ – сæ фæндæ уотæ адтæй, гъома, саугустæн ес «дзиуиттæгтæ æма польшæгтæ, уæдта украинæгтæ æма уруссæгтæ. Ка нæ кома, уæдта ка нæ бæзза, уони ба маргæ…»

Уогæ Украинæн æ фудрæстæгутæ недзамантæй цæун байдæдтонцæ, искæнидæ ибæл уæхæн рæстæгутæ æма æцæгæлон рæстæгутæ æма æцæгæлон «унаффæгæнгути» фуд æ адæмæн æ карнæ исуидæ фудонхи кæрдзини хузæн. Номдзуд украинаг финсæг Микола Бажан кæддæр уотæ финста: «Зæрдрохсæй æма сабурæй хатун мæ украинаг историон карни киунуги сифтæ. Сабур æма уодæнцойни рæстæгути кой си берæ нæ фæууиндзæнæ. Фал си уой хигъди куд берæ ес адæми масти æма æфхуæрди туххæй, æ барти фæдбæл бæгъатæр тохи, æндæр бæсти лæборгутæ ин ци фидбилизтæ хастонцæ, уой туххæй…»

Микола Бажани гъудитæ хумæтæги нæ æримистан – ци загъта, етæ хаунцæ абониккон Украинæмæ дæр. Нуртæккæ хъæбæр тæссаг уавæри æй. Цитæ си цæуй, уой ни алкедæр уинуй æма зонуй – хецаудзийнадæмæ мондаг политиктæ æма цъеусæр националисттæ Америки Еугонд Штатти æма Хорнигулæни паддзахеуæггæнгути ардудæй ами кæддæри сабур æма зæрдæмæдзæугæ цардиуагæ ниххæлхъойтæ кодтонцæ, низманстонцæ си тугъд, хумæтæг адæм ба, неци фудгин уогæй, цæгъдуни кæнунцæ.

Уогæ евгъуд рæстæгутæмæ ку 'ркæсæн уæд бæлвурдæй фæууиндзинан, Украинæн уæхæн фудæбæнттæ аразуни фæндитæ рагон æнцæ:

Зундгонд куд æй, уотемæй 1939 анзи 1-2 ноябри Хорнигулæн Украинæ байеу æй Хорискæсæн Украини хæццæ, æма куд еумæйаг республикæ, уотæ иссæнцæ еумæйагæй Советон Цæдеси хай.

Украинæй 1941 анзи майи æрвист æрцудæнцæ украинаг æма польшаг националистти бийнонтæ, æдеугурæй 11 мин адæймаги. Уомæй раздæр немуцæгтæй беретæ рандæнцæ Германимæ.

Немуц 1938 анзи декабри Праги исаразтонцæ «Украинское ведомство», æ сæргъи Н.Сушко. Уогæ унаффæ ба си уæддæр кодтонцæ фашисттæ.

Уæдмæ «базмалдæнцæ» аллихузон националистон еугæндтæ. Сæ архайди нисанеуæг ци адтæй, уомæн ирд æвдесæн æй мæнæ ауæхæн цау дæр: 1939 анзи уалдзæги рабæрæг æй Украинаг националистти организаций (ОУН) сæргълæууæг А.Мельники бастдзийнадæ фашистти хæццæ.

Тугъди хуæдразмæ гестапо æ зæрдæ хъæбæр дардта Е. Бандерæбæл, лæвардтонцæ ин æхца. ОУН-и иуонгтæй 800 лæгемæй исаразтонцæ диверсион къуæрттæ «Нахтигаль» æма «Роланд», кæцитæ архайдтонцæ 1941 анзи июни Советон Цæдесмæ æрбалæбурди. Уæдмæ дæр сабур нæ адтæнцæ. 1941 анзи апърели исаразтонцæ 47 теракти, майи – 58 теракти, 1941 анзи 1-аг маймæ Украини адтæй бандитти къуæрттæ – 22, (105 адæймаги), 1 июни ба – 61 къуари, 307 адæймаги), 15 июни – 74 къуари (346 адæймаги).

Æцæгæй ци цæстингас дардтонцæ гермайнаг оккупанттæ украинæгтæмæ, е бæрæг æй сæ директивитæй дæр. Æрхæсдзинан дæнцæ 1942 анзи 22 июни унаффæй, кæцими финст адтæй: «Украинæгти гъæуй разамунд. Уонæн хуарз разамунд ку дæттай æма сæ раст ку аразай, уæд æнцæ хъæбæр коммæгæс косæг тухæ...»

Ку зæгъæн, гермайнаг нацистон разамунди зундирахаст адтæй: немуцæгтæй гъæуама саугуст маке кæна, уой туххæй ес дзиуиттæгтæ æма польшæгтæ, уæдта украинæгтæ æма уруссæгтæ...»

Германийæй уæлдай ма Румыни æма Польшæ дæр архайдтонцæ Украини зæнхитæй сæ хай ратонунбæл. Немуцæгти хæццæ Украини кодтонцæ пропагандæ Советон Цæдеси, уæлдайдæр ба Уæрæсей нихмæ, адæми ардудтонцæ аллихузи. Алцæмæйти тæрсун кодтонцæ украинæгти.

Райгурæн бæстæбæл гадзирахаттæй ка рацудæй, етæ сæ фудмиуæ куд нæ лæдæрдтайуонцæ æма куд нæ тарстайуонцæ, уа нæ уа, уæддæр сæ уой туххæй дзуапп дæттун ке багъæуидзæнæй, уомæй. Æма байдæдтонцæ уомæй фæйиерavailable мадзæлттæ амал кæнун. 1943 анзи 23 августи ОУН æ съезди рахаста унаффæ: Сурх Æфсад ке 'рбахæстæг æй Украинæмæ, уомæ гæсгæ исаразун гъæуй æ нихмæ карз тох, аллихузи мадзæлттæй пайда кæнгæй. Сæ къуæртти райдæдтонцæ æмбурд кæнун «Украинаг истохæг æфсад» (УПА), знаггадæхæссæг рейдтæ кодтонцæ Волини æма Полесье æма иннæ облæститæмæ.

Немуци нимадæй 1943 анзи фæззæгмæ УПА-й рæнгъити адтæй 40 мин адæймаги, ОУНБ-й нимадæй ба – 100 мини. Еумæйаг командæгæнæг иссæй Р.Шухевич. Сæ сæйраг нисан ба адтæй советон партизанти нихмæ тох.

Украини зæнхæбæл рауайидæ буцæутæ украинæгтæ æма польшæгти 'хсæн. Тæккæ æверхъаудæр искъобалæ (зундгонд æй куд «Волынская резня») рауадæй 1943 анзи июли. ОУН-УПА исаразтонцæ геноцид польшæгти нихмæ. Уæд украинаг нацистти къуæрттæ – польшаг историкти нимадмæ гæсгæ – ниццагътонцæ 130 мин адæймаги. Нур ба, 2022 анзи 11 июли, берæ мингай польшæгтæ рацудæнцæ митингтæмæ берæ сахарти, бустæги сæ бæсти сæйраг сахар Варшави гъæунгтæмæ еци æверхъау цау æримисун æма бахъонц кæнуни фæндæй.

Мадта польшаг къуæрттæ ба цагътонцæ украинæгти, истонцæ си сæ маст. Уотемæй нур ба Польшæ Украини фарс æй, æма иннети хузæн Уæрæсей нихмæ е дæр аразуй санкцитæ, æндæр къулумпитæ, цæлхдортæ, æхецæн фулдæр зæран хæсгæй.

Зундгонд куд æй, уотемæй 1944 анзи июли кæронмæ Украинæ æнæгъæнæйдæр уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон оккупацийæй. Фал ма Хорнигулæн Украини ба политикон уавæр адтæй уæззау. Активонæй ма си архайдтонцæ ОУН æма УПА. Советон паддзахадæ берæ агъазиау мадзæлттæ аразта, цæмæй гъуддаг исрæвдзæ уа æма уоми цæрæг адæм сабур уавæрти сæ царди хабæрттæ æнхæст кæнонцæ, хъоргæнæг сæ ма уа. Уæддæр еци æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддаг исæнхæст кæнун 1944-1945 æнзти нæ бантæстæй æма радаргъ æй.

Закарпатий, кæци еугонд æрцудæй Украинæ æма Советон Цæдеси хæццæ, уруси нихмæ нæ дзурдтонцæ, фал знаги цæстæй кастæнцæ венгрийæгтæмæ, уомæн æма Австро-Венгрийаг империй доги (1918 анз), уæдта 1938-1944 æнзти етæ хецауеуæг кодтонцæ ами.

Рейх украинаг националистти къуæрттæй пайда кодта иннети нихмæ арæзт мадзæлтти. 1945 анзи рагуалдзæги сæ рарвистонцæ Словакий адæми исистад дæрæн кæнунмæ, уой фæсте ба Австрий æма Словений.

Украинæгтæй Советон Цæдеси фарс ка адтæй, уонæй айдагъ Сурх Æфсади рæнгъити немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ ка тох кодта, уони нимæдзæ адтæй 5,3 миллион адæймагемæй фулдæр, Советон Цæдеси нихмæ ка архайдта, етæ ба – æдеугурæй 250 мин адæймагей бæрцæ.

Украинаг националисттæ ниццагътонцæ 40 миней бæрцæ польшæгтæ. Сурх Æфсад Галицимæ бацæуни размæ УПА фæййарæхдæр кодта польшаг гъæутæмæ лæбурдтитæ. Сæ разамунд гъавта Сурх Æфсади командæкæнуйнади хæццæ уотæ бадзубанди кæнунмæ: «Ма нæ хъор кæнетæ польшæгти дæрæн кæнунмæ æма мах дæр не 'вналдзинан сумах æфсæддонтæмæ...» Украинаг националистти фудмиутæ немуцæй æгъатирдæр адтæнцæ. Польшæгтæ Львов нимадтонцæ сæхе сахарбæл, æма син е дæр сæ мастбæл маст æфтудта. Хорнигулæн Украини берæ районти тæссаг адтæй гъæунгти цæун советон æфсæддонтæ æма бæрнон косгутæн. Националистти къуæрттæ ами фудмиутæ аразтонцæ евгъуд æноси сауæнгæ 50-аг æнзти кæронмæ.

Ку зæгъæн, аллихузи къуæртти ка тугътæй фашистти фарс, етæ адтæнцæ æдеугурæй 250 миней бæрцæ. Гъулæггагæн, сæ рæстæги æнхæст кунæггонд не 'рцудæнцæ, сæ уедæгтæ байзадæнцæ æма мæнæ нур иссугътонцæ се 'знаггадæхæссæг талатæ. Уони байзайæггæгтæ, нуриккон неонацисттæ Хорнигулæн æма Америки Еугонд Штатти ардудæй æма сæ тогмондаг фидтæлти фæнзгæй сæ фудмиутæ аразунцæ, нæ ауæрдунцæ сæхе адæмбæл дæр, æ нихмæ тох кæнунцæ, цæгъдунцæ сабур цардмæ бæллæг дзилли... Европæ кæддæри хузæн бабæй, зæгъун æнгъезуй, æрлæудтæй устур тугъди тæрвази рази.

Рагфидтæлти зундамонæн загъд, уæдта цард æхуæдæг дæр æхе куд æвдесуй, уотемæй хæстæг синхони хæццæ лимæн цæрун хуæздæр æй. Зæгъæн, 2018 анзи Украинæ æма Америки Еугонд Штатти астæу базаради бæрцæ адтæй 4 миллиард доллæрей, Уæрæсей хæццæ ба – 14,98 миллиард доллæри.

Аци рæстæг Уæрæсей нихмæ ци санкцитæ арæзт цæуй, етæ фулдæр зæран хæссунцæ сæ аразгутæн, еугуремæй фулдæр уавæри ба æй Украинæ.

Уæрæсей знæгтæмæ А.С. Пушкин кæддæр уотæ дзурдта: «Цæбæл хъæлæба кæнетæ? Цæмæ æвзедетæ Уæрæсемæ? Ци уæ низгули кодта? Ниууагътæ, неци ракæндзинайтæ...»

Мах тогæй æлхæд æрцудæй Европи сæребарæ, еугур дуйней сабурдзийнадæ. Фиццаг хатт æй нæ искъобалæ? Æви Уæрæсей нихмæ архайгутæй ферохнæй недзамантæй ардæмæ бæлвурд хатдзæг: кадæриддæр цийфæндийæй дæр архайæд, уæддæр уæлахезон ба æнæмæнгæ Уæрæсе уодзæнæй!..

Кæрон.
Райдайæн 28-аг номери.

# ТРИ МОНОЛОГА ЛЮБВИ



**Наверное, нет ничего омерзительней, когда начинают громить памятники, которые по доброй воле народа воздвигались как свидетельства добродеяний. К сожалению, в этом особо усердствуют нынешние прорвавшиеся во власть на Украине националисты.**

## В НАЧАЛЕ БЫЛА ПЕСНЯ

Да, в начале была песня, а не слово. И это не метафора, а простой бытовой факт. Может показаться, что мне в детские годы украинская песня не могла и присниться, ведь я вырос в горах Кавказа, в дебрях его южных склонов. Но мой отец три года провел, как говорят в Осетии, на большой войне, на германской. Служил в Перемышле, воевал в Карпатах, участвовал в известном Брусиловском прорыве...

Я не знаю, что у него было в солдатском вещмешке, когда он вернулся в родные горы, – это было задолго до моего рождения, – но в сердце он бережно хранил одно добро, которым позднее щедро одарил и меня. Это – солдатское знание русского языка и горстка украинских народных песен.

От него впервые я узнал, что есть на свете Карпаты – такие же ласковые горы, как наши, и так же покрыты нежным буковым лесом. От него же узнал, что есть на далекой земле большой и красивый город Кив, как он называл его на украинский лад. А еще он в свои грустные часы неизменно пел одну песню. Видимо, она была ему чем-то особенно памятна:

*Ой, при лузи та щей при березі*
*Червона калина.*
*Спородила молода дивчина*
*Хорошего сына...*

Эта песня с детских лет запала мне в душу. В отроческие годы я стал понимать, что она, конечно же, сложена не только не на нашем языке, но и не о нашем горе. Но в ней клубилась такая большая и задушевная печаль, что бесхитростная и доверчивая человечья душа раскрывалась ей навстречу. И навсегда оставалась очарованной ее ласковой грустью, ее мягким лиризмом какой-то колодезной глубины и драматизмом человеческой судьбы в неустроенном и безжалостном мире.

В те далекие наивные годы мне представлялось, что песня сложена в духе образного параллелизма наших осетинских народных песен: береза – красная калина, дивчина – дитя, красно солнышко. Но много лет спустя прочитал предупреждение Максима Рыльского – речь идет о береге, а не о березе!.. Стало стыдно за свою мальчишескую ошибку, а все же до сих дней в глубине души не переубежден, хотя знаю, что береза, как символ, редкая гостья в старой украинской песне, но все же встречается, хотя бы в карпатских народных балладах (невеста-береза: Ой росте явир, розростається, Та й до берези похилається; калина-детина: Понад тобой, Мариэчко, зацвила калина. Ой уставай, моя мила, бо плаче дитина!) Жаль мне расставаться с образным представлением, сложившемся в отроческие годы. И утешаю себя малоубедительным соображением – видимо, это исключение, единичный факт, не имеющий за собой системного ряда...

Потом были многие и радостные встречи с украинской народной песней, и со старой и с современной, особенно в годы Отечественной войны, когда солдатская доля свела меня с моими погодками с Украины – с Алексеем Гарагулей, Василием Одноволом, Юрием Лисивцем, Иваном Недвигой, Петром Соловьем и другими побратимами. Однако новые встречи лишь утвердили давнее представление, ставшее моим пожизненным убеждением – очарование украинской народной песни ни с чем не сравнимо!

Понятно, что осетинская песня ближе моему сердцу, роднее моему чувству песенного голоса. Но знаю, что она жестче и откровенней в своем трагизме. Точнее: трагизм ее напряженней и неумолимей. Она теснит и мучает сердце тоскливой безысходностью. Совершенно верно сказал о ней Коста Хетагуров: «Звучат болезненной тоскою в ущельях песни». Печаль украинской песни светлей. Словно разлита она в бескрайней степной шири. Не тенит душу, но обволакивает ее чувством бездонным и раздумчивым. В ней щемящая, но не казнящая тоска. Голос ее звучит в сердце то отдаляясь, то приближаясь, словно парит она над землей в лунную ночь в степном раздолье. И этот незримый, но манящий в какую-то неведомую даль голос, это очарование украинской песни, как ласточка весной, свивает гнездо в сердечной памяти человека раз и навсегда, на всю жизнь.

Немного знаю и люблю также русскую и грузинскую, кабардинскую и абхазскую народную песню. У каждой из них свое неповторимое и неизъяснимое обаяние. Но украинская песня вошла в мое сердце в пору малолетства. Вошла как первая любовь. Вошла навсегда и незабываемо.

И с той поры мое воображение неизменно уносило меня в еще неведомую, далекую, но невыразимо близкую страну с романтически нежным именем – Украина. И она стала страной моей отроческой мечты. Страной, куда мне еще предстояло проторить свою тропинку.

## СЛОВО О ТАРАСЕ ШЕВЧЕНКО

О Тарасе Шевченко сказано и написано столько мудрых и прекрасных слов, верных и значительных суждений, что мне, простому читателю поэта, неловко говорить об этом священном имени. Невольно приходит на память – куда конь с копытом, туда и рак с клещней. И все же, все же...

Нравственное право говорить о Шевченко имеет, повидимому, каждый из его читателей и почитателей. Ведь Шевченко принадлежит всему человечеству. Но кроме этого права надо иметь еще и что сказать. И тут каждый должен усомниться, если даже предполагает, что ему есть, что сказать. Ведь как часто случается, что даже мысли, которые родились в твоей голове, давно уже были в интеллектуальном обращении, хотя ты об этом и не знал. Мне остается уповать лишь на единственное оправдание – размышление-монолог не знает претензии.

Шевченко – явление необъятное, сложное, исключительно самобытное, быть может, единственное даже в разливанном море мировой поэзии. И может статься, что человеческим словом так никогда и не будет уловлена вся суть и вся тайна его поэзии, его героического подвига и неотразимого обаяния. Его образ с течением времени будет становиться крупнее, сложнее, многограннее, притягивая к себе пытливые умы, проницательность и восприимчивость новых и новых поколений человеческого рода. И в этом всемирном освоении феномена Шевченко будут и мудрые открытия, и простые читательские исповеди. К последним принадлежит и мое размышление – простое свидетельство о том, что у каждого читателя Шевченко складывается свой образ поэта-пророка, свое представление о нем, как о самом дорогом человеке, от которого получил добра и красоты безмерно. А еще – неистребимую веру-надежду, что будет все-таки на земле, во вселенском человеческом общежитии царство Справедливости и людского Братства, раз жил на ней и поныне живет Тарас Шевченко. В этой облагораживающей надежде – его всемирная сила и наше непреходящее счастье.

Сознаю, что мне куда сподручней было бы говорить о современной украинской поэзии, хотя бы о творчестве моих друзей – Ивана Драча, Дмитрия Павлычко, Бориса Олейника. Но и для глубинного постижения их поэзии необходимо начинать с Шевченко. Все они (и не только!) в свой самостоятельный полет взорлили, как со стартовой площадки, с широкой и доброй ладони Шевченко.

Тарас Шевченко – духовное средоточие, куда были устремлены из глубин истории и откуда обращены в настоящее, в нашу современность и в будущее все светоносные волны поэтического гения украинского народа.

Он – не доживший и до пятидесяти лет, навечно стал полноправным главой великой национальной культуры; ее старейшиной, ибо он старше всех на целую вечность, нет – на бессмертие! И в то же время он – самый молодой современник всех поколений украинцев. В свои тридцать лет он уже был гением, творцом «Кобзаря», «Гайдамаков», поэмы «Сон», послания «Кавказ».

В Орскую крепость коронованные палачи упрятали не простого бунтаря-смельчака, а гения, уже явившегося миру. Правда, этим палачам вряд ли хватало ума и проницательности понять это. Но царствующие подлецы и их льстивые опричники всегда были сейсмографически чутки к опасности. И устрашились не напрасно.

И все же Слово Шевченко опередило их. Оно уже реяло над Российскими просторами, рыдало и пело, грустило и тосковало, обличало и издевалось. Гневно и неустрашимо, как глас божий на Земле. И это Слово было прометеевой силы. Оно властно разрушало молчание «на всех языках» от «молдованина до финна», от украинской степи до кавказских гор. Гения можно было замучить в неволе, но Слово его было недоступно коронованной каре. И с той поры и навечно Тарас Шевченко – бессмертно молодой, самый смелый и зоркий рыцарь, самый проницательный ум и самое доброе сердце – бессменно идет впереди своего народа в его вековечном походе в грядущее. Потому слово об Украине – всегда и неизменно, так же и слово о Тарасе Шевченко.

Каждому памятно и то, что Слово гения самой природой отмечено одним завидным свойством – завоевывать сердца людей, сеять в них чувства любви и братства к своему народу, к своей земле. И говоря ныне о нашем единстве, о нашем интернациональном братстве, мы не вправе забывать, что в создание этого единства вложили свой гений, свой разум и свое сердце наши великие предтечи. Особенно же такие мощные источники добра и любви, как Тарас Шевченко. И каждый неукраинец, чье сердце облагорожено искренней любовью к Украине, признается, что это чувство заронило в его душу Слово Шевченко, что именно Оно привело его на Украину, в древний и прекрасный Киев.

Стихи Шевченко мы, горская детвора, учили в школе. Прежде всего знакомили нас, разумеется, с «Завещанием» («Як умру, то поховайте») и с «Кавказом». Читали их на родном языке. Правда, в старших классах мы могли уже читать Шевченко и на русском языке. Случилось так, что я в те годы стал разбирать по складам стихи поэта в подлиннике. И странно, что меня пленил не «Кавказ». Слишком сложен и недоступен был для моего понимания. Неожиданно самым «своим», самым «горским» оказалось чистое и простое, как улыбка ребенка, стихотворение «Садок вишневий коло хати».

Ныне я соображаю, что творчество поэта в каземате, в Орской крепости, на Кос-Арале, да и позднее, двуслойно: стихи о своем «лютом горе» писались вперемешку со стихами о «младенческих снах», о далекой и ненаглядной Украине.

***(Продолжение следует).***

***Виктор ГЮГО (1802-1885), французаг финсæг: «Иннетæн ци цийнæдзийнадæ ракæнай, е зæрдæскъæфæн уомæй æй, æма цийфæнди рæстæг ку рацæуа, уæддæр, куд иннæ æрттевагитæ, уотæ нæ ивайуй, фал нæмæ æрбаздæхуй никки ирддæрæй...»***



ДЗИДЗОЙТИ Тамерлан æма æ мадæ Земфирæ.




# Æ УОД, Æ ЦÆСТÆ – Æ ГЪÆУБÆСТÆ!..

ЦАРД æхуæдæг куд аллихузон æй, адæм дæр уодигъæдæй уотæ фæйнæхузи æнцæ. Еуети æгириддæр неци гъæуй, æ бийнонтæ æма æхе уод æфсес уæнтæ, æ хæдзари уавæртæ æ зæрди фæндон, æ тургъæ æрæфсæрунмæ бæззæд, æндæр ма ци? Иннетæ ба айдагъ сæхе мæтæ некæд кæнунцæ. Уонæн нæ фагæ кæнуй æфсесæй, бохъцардæй цæруни уагæ. Æнæуинон син æй, цæстисиндзау кæсунцæ гъæуи цигъæуагæдзийнæдтæмæ. Уæдта æнцойнæ дæр не 'ссердзæнæнцæ, цалинмæ, сæ гъудий ци скарстонцæ, уой царди рауадзонцæ, исæнхæст æй кæнонцæ, уæдмæ.

Гъо, еуетæ айдагъдæр дæмгæ кæнунцæ, иннетæ ба – дæтгæ. Дзидзойти Æхсари (Тæкъой) фурт Тасолтан, æвæдзи, аци зæнхæбæл æ уодæй арт цæгъдунмæ исæнтæстæй. Æ лæги æмбескарæмæ дæр нæма бахизтæй, уотемæй ба æ уодæй-уод кæнуй æ райгурæн гъæубæстæн ести хуарздзийнæдтæ исаразунбæл, уæлдайдæр ба гъæуи æндаг бакаст исфæлгонц кæнунбæл, цæмæй иннæ цæрæн рауæнти хæццæ рабаргæй, федауцæдæр уа. Æма æ еци фæндæ тæккæ зæрдæмæдзæугæдæр хузи исæнхæст кæнунбæл е ци хъиамæттæ бакодта æма кæнуй, уæдта, нæ зæрдæ дарæн, идарддæр дæр ма кæндзæнæй, етæ еу адæймагæн æгæр æнцæ. Нæ зонун, ескæд уæддæр ести хузи расагъæс кодта уобæл, æма ин æ берæ хъиамæтти фæдбæл уæлдай бози арфитæ ескæд еске ракæндзæнæй, кувди бадгæй дæр æй сæрмагонд ниуазæнæй исцитгин кæндзæнæнцæ, уой, фал федарæй ба мæ бон æй уотæ зæгъун, æма уæхæн гъудитæ имæ зингæ дæр нæ фæккæнунцæ. Уомæн æма цидæриддæр аразуй, етæ æнцæ æ рæстзæрдæй, æ хъауритæ æма фæрæзнитæ куд амонунцæ, уотæ æ равгæмæ гæсгæ архайуй æ уарзон гъæуæн ести хуарз фæуунмæ.

Æ уоди исконд уотæ 'й, æма æ бон нæй еу рауæн æнцад бадун, архайгæ ку нæ кæна, æхе хузæн æмзунд фæсевæди ести хуарз гъуддæгутæмæ амидин ку нæ кæна, уæд. Еци ацъагъуæ ба ин, æвæдзи, æ хестæртæй байзадæй. Тоги ци уа, уомæн ба гæлдзæн нæййес.

Еске зæгъдзæй, уанæбæрæг уæхæн дессагæй ци исаразта, цæмæй ибæл республикон газети уойбæрцæ дестæгæнгæй финсонцæ, зæгъгæ. Фал уи баруагæс уæд, мæ хъазар кæсгутæ, æцæгæй дæр Тасолтан æй уой аккаг. Уæдта ма уи баруагæс уæд е дæр, æма никки агъазиаудæр æнтæститæ æма аразуйнæгтæ ба – нерæнги ма разæй æнцæ.

Дзидзойти Тасолтан райгурдæй Æхсæрисæри 1989 анзи 26 январи. Æ фидæ Æхсарæ дæр æ рæстæги Тасолтанæй æнæвзугъддæр на 'дтæй. Кæлух æма Æхсæрисæр еу гъæусоветмæ хаудтæнцæ раздæр дæр æма нур дæр. Дууæ гъæубæстемæн еу адтæй сæ цийнæ, дууæ дехи кодтонцæ сæ цæнхæ æма кæрдзин дæр, сæ зиан дæр еумæйаг адтæй. Æхсари фидæ Бeслæн дардта бæх, æма биццеу æ сувæллонæй æ ралæхъуæни уæнгæ некæд исцох æй уой хæццæ архайунæй. Уотæ дæсни æма арæхстгин гъазт ибæл æркæнидæ, сауæнгæ саргъи къохмæ дæр æнхæст нæма хъæртгæй, æма ибæл адæм десæй марДæнцæ.

Адтæй уæхæн рæстæг дæр, æма 'й сауæнгæ циркмæ бæхтæбæл гъазунмæ дæр байагурдтонцæ, фал æй æ бийнонтæ нæ рауагътонцæ. Ка 'й зонуй, уæд æ карнæ бæллеццагдæр рауадайдæ. Фал карнæн ци загъдæуа... Æгæр раги фæгъгъудæй Æхсарæ æ гъæуккæгти 'хсæнæй. Хæларзæрдæ æма рæстуод лæхъуæн лæги æмбескарæмæ дæр нæ рацардæй…

Æ цардæмбал, хумæллæггаг Хугати Земфири хæццæ син исæнтæстæй æртæ сувæллони. Уонæй дæр еу æртанздзудæй е 'цæг дуйнемæ бацудæй. Земфирæ райзадæй еунæгæй æ еци устур фудти хæццæ. Дууæ æнагъон сабийей хæссун гъудæй. Æндæр уой бунати, æнæнифсæй, æ цæнгтæ æруагътайдæ. Фал силгоймаги зæрдæ фæлмæн куд æй, федар дæр уотæ 'й, уæдта адæми фарнæ устур æй. Нæ бауагъта фæккеун æ зæнæги Земфирæ. Царди раст надбæл зæнæги æрæвæрун нуртæкки доги – уоми устур хъаурæ гъæуй. Æма æригон седзæргæсæй райзайæг силгоймагмæ еци хъаурæ разиндтæй.

Дигорон адæммæ еу æмбесонд ес: «Седзæр тагъд ирæзуй», зæгъгæ. Ирæзтæй Тасолтан дæр. Æхсæрисæри астæуккаг скъола каст фæууогæй, æ гæгъæдитæ балæвардта хуæнхон-металлургон институти электрон факультетмæ. Каст æй бæргæ фæцæй, фал нуртæкки доги зæрдæмæдзæугæ куст иссерун куд зин æй, уой ба, фæсевæдæй уæлдæр ахуради уагæдæнттæй каст ка фæцæй, уонæй амонун некæмæн гъæуй. Ка гъæуама фæххуæца седзæр биццеубæл, хеуони-æрвади 'рдигæй ин ку неке уа æ фарсфæххуæцæг, уæд. Фал Тасолтан уæхæн уоди хецау æй æма æ сæрмæ некæд æрхаста æма æрхæсдзæнæй æхе ескæмæ агъази фæдбæл бакъолæ кæнун. Исахур æй кодта цард, ци кæна, уой æхе хъауритæй кæнунбæл. Е дин æ уодигъæди фиццаг менеуæг.

Ескæмæ æнгъæлмæ кæсун, еске уæрдуни бадун æ сæрмæ некæд æрхаста абони уæнгæ, уæдта хæссуйнаг дæр нæй. Е ба дин æ дуккаг менеуæг.

Цидæриддæр иснисан кæна æхецæн, уой кæронмæ рахъæртун кæнун, æрдæгбæл æ гъуддаг ниууадзун сæрмæ æрхæссуйнаг ке нæй, уой дæр хуарз балæдæрдтæй æригон æвзугъд биццеу. Некæд неке фегъуста аци æфсæрмдзаст адæймагæй æхецæй æппæлæн дзурд. Мæнæ еуетæ сæ уотид минкъий ракондгъуддаг дæр куд ниуустур кæнунцæ, уæхæй дæр имæ неци бафеппайдтан.

Æхецæн ести иснетт кæнуй æ зæрди æма байархайуй æ гъуди царди рауадзунбæл.

– Тухххæйти мæбæл райевгъуйунцæ косгæ бонтæ, уæдта фæннæхстæр ун мæ гъæумæ. Цидæр хузи мæ æлвасуй æхемæ, æндæр хузи адæ мин кæнуй. Нæй мæ бон æнæ мæ гъæубæстæ цæрун. Ами æнцæ мæ хеуæнттæ, мæ къабæзтæ æма сæбæл мæ къох исесун мæ бон нæй, – зæгъуй Тасолтан. Æ зæрди ести ку æрæфтуйа, уæд бал ибæл развæлгъау лæмбунæг ка фæссагъæс кæнуй, уæхæн адæймæг æй Дзидзой-фурт. Уæдта æ гъæубæл уотæ æновуд ке 'й, уоми дæр уадессагæй неци ес. Бæласæ æнæ уедæгтæй нæ ирæзуй. Тасолтанæн ба æ уарзон адæм æнцæ хъарадæттæг, æнæ уонæй æ бон цæрун нæ, фал уолæфун дæр нæй.

Фал имæ еугуремæй хъæбæрдæр раппæлуйнаг менеугутæй ба ес – гъæуи æндаг бакаст исфæлгонц кæнунбæл зæрдæргъæвдæй ке архайуй, еци разæнгарддзийнадæ.

Æхсæрисæрмæ бахъæртгæй, над гъæугæрони фæссагелæ уй. Еу æздæхæн цæуй гъæуи хурфæмæ, иннæ ба Дигоргоммæ. Тæккæ еци сагели астæумæ фенгаст уогæй, бæлццон æнæрæстæфгæ нæ фæуудзæнæй устур рæсугъд дамугъатæй финст – «Æхсæрисæр». Æ разæй ба, гъæу ци анз исæвзурдæй, уой бæрæггæнæн – 1810 анз. Æрæги ба ма си æ рахесфарсæй фæззиндтæй еума æфсæнфæйнæг: фæлгонцгонд æй, Æхсæрисæрæй рацæуæг зундгонд поэт Колити Витали æ райгурæн гъæубæл ци номерæн æмдзæвгæ ниффинста, уомæй. Уомæ кæсгæй, зæрди фæззиндтæй еу гъуди – «Æхсæрисæр», зæгъгæ, финстæн æ иннæ фарс нерæнгæ ма ревæд æй. Æма хуарз уидæ, уоми æвæрд ку 'рцæуидæ, гъæубæстæ сæрустæр кæмæй æй, зæгъæн, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Боллоти Полий æма æндæр номдзуд адæймæгути хузиститæ кæбæл уа, еци гъуддаг исаразун. Уотæ нæмæ кæсуй, цума уой фæрци никки хуæздæр исфедаудзæнæй аци комплекс. Еци хъæппæрес дæр, куд фегъустан, уотемæй æрæфтудæй Тасолтани зæрди, æма нæмæ уотæ кæсуй, цума 'й æнхæст дæр искæндзæнæй.

Нуртæккæ уæхæн догæ никкодта, æма изгæ зæгæли саст дæр лæвар некæмибал иссердзæнæ. Лæвар кæцæй æрхаудтайдæ еци аразæн æрмæг æма æфсæйнаг Дзидзой-фуртмæ дæр. Мадта ин бийнонтæ хæссуйнаг дæр ес. Æ цардæмбал Хъессаони хæццæ гъомбæл кæнуй кизгæ. Уæдта дигорон лæги цийнæмæ æма зианмæ дæр цæун æма си æгъдау кæнун дæр фæгъгъæуй. Æнихæс лæг кæддæриддæр æгадæ адтæй. Тасолтан ба уой æ сæрмæ некæд æрхæсдзæнæй. Æ уод куд кæдзос æй, æ гъуддæгутæ дæр уотæ хорæмбæрæг æнцæ.

Уæлдæр куд фездæх кодтон, уотемæй, Тасолтан еци гъуддæгутæ ку аразта, уæд ескети агъазмæ, уæдта арфитæ райсунмæ дæр некæмæ æнгъæлмæ кастæй. Æ зæрдæ имæ куд дзурдта, уотæ кодта. Æ кæнон ба арæзт æй, æ гъæуккæгтæн ести пайда æрхæссун æма син хуарздзийнадæ исаразунмæ.

Тасолтан нуртæккæ косуй кустуат «Южсталькконструкций» аразæн цехи бригадирæй. Нимад æй коллективи 'хсæн. Уогæ айдагъ гъæумæ бацæуæн исфæлгонц кæнунбæл нæ байархайдта Тасолтан. Гъæуи ести еумæйаг гъуддаг ку фæууй аразуйнаг, уæд ахид ракæнунцæ зеу, – нæ рагфидтæлтæй нин ци дæнцæн хæсуйнаг æгъдæуттæ байзадæй, уонæн сæ ахсгиагдæртæй еу. Уæхæн зеу некæдма адтæй гъæуи æма си Тасолтан уæхскуæзæй косгæй æхе ма равдеса. Æ сæр кæмидæриддæр багъæуа, уоми алкæддæр æрбалæууй æ гъæуккæгти фарсмæ æма балæггадæ кæнуй æнæзийнадæй, цæстуарзонæй, æнæхийнæй. Еудзурдæй, адæймаги ном бæрзонд ка кæнуй, еци менеугутæй имæ хай цæмæй нæййес, уæхæнæй имæ неци æрæстæфдзæнæ.

Гъулæггагæн, еугур адæммæ æмхузон зунд æма цæстингас нæ фæууй. Еуетæ уотæ фенгъæл унцæ, гъома, адæймаг æхсæнади еумæйаг гъуддагбæл æзмæлуй, уæд æхецæн ести пайдай фæдбæл æхе тæруй размæ, зæгъгæ. Хуарз æма еци кунзундтити нимæдзæ уоййасæбæл берæ нæй. Тасолтани хуарздзийнади байвæрдæн аккаг аргъ ка кæнуй, уони нимæдзæ фулдæр ке 'й, е нин æхцæуæн æй.

Тасолтан, æвæдзи, Æхсæрисæри гъæуккæгти фарнæн æнтæст адтæй аци дуйнемæ. Берæ бæлдитæ ма ес æ зæрди, берæ фæндитæ æма ин зæрдæй зæгъæн мах дæр: «Тасолтан! Æнæфæккеугæй цо дæ нисанмæ! Æнтæсгæ кæнуй, дзурдтæ æма дзубандитæ нецæмæ даргæй, айдагъдæр æ царди риндзи сæр ка уинуй, уомæн. Æма дæ нисани риндзæмæ куд исхъæртай, еци амонд æма нифс дин макæд æрминæг уæнтæ. Адæми сæр исуо, нæ исонбони нифс! Дæу хузæнттæй аразгæ 'й нæ исонбон, нæ фæрнгун цард. Æнтæсæд дин!

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Фиццаг дуйнеуон тугъди будурти ка фæммард æй, еци уæрæсейаг тугъдонти рохс нæмттæ Уæрæсей имисунцæ 1 августи.**

*Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей император Алесандр III кæддæр уотæ загъта: «Æнæгъæнæ дуйней махæн ес айдагъдæр дууæ æууæнкгин æмцæдесони – не 'фсад æма нæ флот». Æма раст адтæй, уомæн æма Уæрæсейæн разамунд кæддæриддæр ка лæвардта, етæ уæлдай устур æргом æздахтонцæ фидибæстон флот аразуни гъуддæгутæмæ.*




Юрий БУНИМОВИЧ


ГАГИТИ Александр


КЪЕСАТИ Астан


Илья КОТОВ


КОЦТИ Константин


Григорий ПАСЫНКОВ


Аркадий СЕЛЮТИН

# ИРИСТОНИ ДЕНГИЗОН НАМУС

УÆРÆСЕЙ дзиллæ алли анз дæр июли фæстаг хуцаубони цитгинæй исбæрæг кæнунцæ нæ бæсти Тугъдон-денгизон флоти Бон. Бæрæг æй кæнунцæ зæрдæхцæуæнæй, боз æма си сæрустур æнцæ, нæ Фидибæсти сæребарæ æма хуæдбари сæрбæлтау, æ рантæстæй ба нури уæнгæ агъазиауæй-агъазиаудæрæй ке æскъуæлхтæй æма нерæнгæ дæр æскъуæлхуй, уой туххæй.

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ лæвæрд цæунцæ æма, федарæй ни æруагæс кæнуй, идарддæр цæуддзæнæнцæ Уæрæсей денгизонти бæгъатæрдзийнади туххæй таурæхътæ. Фидибæстаг флот исгъомбæл кодта берæ искурдиадæгин денгизон æфсади раздзæугутæ, зæгъæн, Теодор Головин, Григорий Свиридов, Федор Ушаков, Михаил Лазарев, Павел Нахимов, Степан Макаров æма æндæртæ.

Советон Цæдеси Тугъдон-денгизон флот е 'нæбасæтгæ тухгиндзийнадæ уæлдай агъазиауæй бавдиста Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ карз тохи нæ денгизонтæ равдистонцæ дзиллон бæгъатæрдзийнадæ æма æхсардзийнадæ. Советон денгизонтæ цифуддæр знаги дæрæн кодтонцæ айдагъ денгизти нæ, фал ма сауæнгæ сор зæнхæбæл дæр. Немуцаг-фашистон æфсæддонтæ кæд ескæмæй тарстæнцæ, уæд нæ денгизон фестæгæфсæддонтæй – сæ уодесæг си уидтонцæ, уомæн æма сæ нихмæ æрлæуун сæ бон нæ адтæй, уоййасæбæл тухгин æма уодуæлдайæй архайдтонцæ сурхæфсæддонтæ.

Сæ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй 600 денгизонеймæ бæрцæ иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ (авд денгизони аци кадгин ном райстонцæ дууæ хатти), 350 минæй фулдæр хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ ордентæ æма майдантæй, 238 науи æма флоти æфсæддон хаййемæн равардтонцæ ордентæ, 78 ба исаккаг кодтонцæ гвардиони ном.

Нæ Фидибæстæ алкæддæр хъæбæр цитгинæй уæлдай боц кодта æ Тугъдон-денгизон флот. Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиум æ Указæй 1980 анзи 1 октябри иснисан кодта сæрмагонд бæрæгбон, кæци уæдæй ардæмæ бæрæггонд цæуй алли анз дæр июли фæстаг хуцаубони. Аци анз еци бæрæгбон бæрæгонд æрцудæй 25 июли куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони дæр. Уомæн æма нæ республики минæвæрттæ дæр уæрæсейаг Флоти рæнгъити берæ агъазиау лæгдзийнæдтæй фескъуæлхтæнцæ.

Уæлдайдæр ба Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Иристойнæгтæ уæд уæлдай устурдæр æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдистонцæ, уой туххæй Советон Цæдеси Бæгъатæри цитгин ном лæвæрд æрцудæй денгизон разамонгутæ **Къесати Астан** æма **Коцти Константинæн**, денгизон тæхгутæ **Юрий Бунимович**, **Гагити Александр, Илья Котов, Аркадий Селютин, Григорий Пасынков, Цоколати Геннадийæн** (уой туххæй æрмæг кæсетæ 5-аг фарсбæл).

Тугъдон-денгизон флоти рæнгъити фæуууогæй си фæлтæрддзийнадæ ка райста, етæ сабур, æнæфсæддон царди дæр уæлдай лæгигъæдгундæр фæуунцæ. Зæгъæн, **Хугати Шобинай фурт Хазби** тугъди рæстæг знаги нихмæ тох кодта 154-аг хецæн денгизон бригади уогæй Сталинградi фронти. 1943 анзи уæззау цæф фæцæй æма ин тугъди архайуни равгæ нæбал адтæй. Æ фидиуæзæгмæ исæздæхгæй куста бæрнон партион æма æндæр бунæтти, иссæй искурдиадæгин гъæууонхæдзарадон разамонæг, Мæздæги районi разамунд лæвардта цалдæр колхоземæн. Е 'нтæстгин кусти туххæй ин лæвæрд æрцудæй Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном. Æ ном лæвæрд æрцудæй гъæунгтæн Мæздæги æма гъæу Веселойи.

Тугъди дзамани дзæуæгигъæуккаг лæхъуæн капитан-лейтенант **Павел Кузьмин** Балтиаг флоти службæ кодта донибунтицæуæг Щ-408 науи командирæй. Денгизонтæ «Щука» ке схудтонцæ, еци Щ-408 1943 анзи майи Кронштадти науæлæууæнæй тугъдон ихæслæвæрд æнхæст кæнунмæ рандæй. Минити сæрти рахезгæй, советон науæ маяк Вайндвомæ хæстæг итигъд денгизмæ рацудæй. Знаги наутæ æма хуæдтæхгутæ Щ-408 иссирдтонцæ, æма 'й сорун райдæдтонцæ. Æртæ суткей дæргъи советон науæн дони бунæй уæлæмæ иссæуни фадуат нæ адтæй. Науи электрон тухæ æма кислороди æвæрæнтæ ку фæцæнцæ, æма си адæмæн сæ бон уолæфун ку нæбал адтæй, уæд «Щука» дони уæлцъарæмæ иссудæй. Фашисттæ æнгъæл адтæнцæ, æма син советон денгизонтæ сæхе раттунмæ гъавунцæ, фал науи флагштокбæл уорси бæсти фæззиндтæй советон Тугъдон-денгизон туруса. Нæ денгизонти æма фашистти 'хсæн карз тох байеудагъ æй. Кузьмини науæн бантæстæй знаги дууæ катери фæддæлдон кæнун, фал цалдæр фашистон торпеди кæбæл исæмбалдæй, еци Щ-408 дæр æд экипаж дони буни фæцæй. Тугъдон науи таурæхъон æскъуæлхтдзийнади кадæн Петербурги гъæунгтæй еу хæссуй Павел Кузьмини ном.

Дуккаг къæпхæни капитан **Хуадонти Сулейман** тугъди архайун байдæдта 1941 анзи 22 июни. Намусгин æрдæгсакъадах Ханкой-Гангути денгизонтæ, æверхъау тугъдтити бацæугæй, фондз мæйей дæргъи знагæн хастонцæ агъазиау зиантæ, устур агъаз бакодтонцæ æртухсти бахауæг Ленинградæн. Æригон денгизон лейтенант Хуадони-фурт уæд адтæй взводи, фæстæдæр ба денгизон-зенитон артиллерий батарейи командир. Архайдта Ленинград багъæуай кæнуни, Прибалтикæ æма Польшæ иссæребарæ кæнуни тугъдтити. Хуадони-фурти батарейæ æргæлста 18 фашистон хуæдтæхæги.

Устур Фидибæстон тугъди фиццаг бæнттæй Балтики арви фашистти нихмæ карз тох кодта иристойнаг тæхæг-кунæггæнæг **Зæлети Бариси фурт Юрий**. 1941 анзи 24 августи фашистон хуæдтæхгути къуар фæззиндтæй нæхеуонти аэродроми сæрмæ. Сæ нихмæ фиццаг истахтæй Зæлети Юрий. Дууæ минуттей дæргъи еунæгæй тухтæй инсæй фашистон «Мессершмидт»-и хæццæ. Искъуæргæй æргæлста еуей, иннети бауорæдта, цалинмæ нæ кунæггæнгутæ не 'стахтæнцæ, уæдмæ. Юрий фæммард æй бæгъатæрæй, æ ихæс кæронмæ исæнхæст кæнгæй.

Иристойнаг денгизонтæй цалдæремæй иссæнцæ æнтæстгин денгизон разамонгутæ. Сæ еугуремæй раздæр (1972 анзи 23 декабри) контрадмирали цин райста **Цæллагти Константини фурт Пантелей**. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг дæр зингæ фескъуæлхтæй – денгизон фестæгæфсæддонти рæнгъити знаги хæццæ фиццаг хатт истухтæй Мæскумæ хæстæг уæззау тугъдтити. 1942 анзи капитан-лейтенант Цæллаги-фурт архайдта Мæздæгмæ, Æргинарæгмæ æма Дзæуæгигъæумæ хæстæг тугъдтити, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй сæребарæ кодта Цæгат Кавказ, Украинæ, Румыни æма Болгари.

Фæстæдæр номдзуд денгизонтæ иссæнцæ иристойнæгтæй цалдæр. Зæгъæн, **Гокъинати Виктор Александри фурт** дæр 1983 анзи иссæй контр-адмирал, æ рæстæги командæ кодта уæззау хуæдтæхгутæхæссæг крейсер «Минск»-æн, фæстæдæр ба адтæй Тугъдон-денгизон флоти Уæлдæр сæрмагонд афицерон къурсити хецауи фиццаг хуæдæййевæг, 1993 анзи ба рацудæй æфсæддон службæй.

Нæ иннæ æмзæнхон **Сергей Ивани фурт Меняйло** дæр фескъуæлхтæй куд искурдиадæгин денгизон архайæг – 2005 анзи иссæй контр-адмирал, 2007 анзи ба вице-адмирал, æ рæстæги адтæй Сауденгизон флоти командæгæнæги хуæдæййевæг, 2011 анзи ба рацудæй запасмæ æма куста паддзахадон хецаудзийнади бæрнон бунæтти, абони ба æй Цæгат Иристони Сæргълæууæг. Нæ Фидибæсти тугъдон-Денгизон Флоти гъомусади райрæзтмæ абони дæр уæлдай устур æргом æздæхт цæуй. Нæ бæсти Президент В.Путин уой фæдбæл уотæ загъта:

– Уæрæсе хъæбæр цубур рæстæгмæ æхе аккаг бунат нииййахæста дуйней раздзæуæгдæр денгизон паддзахæдти нимæдзи, рацудæй агъазиауæй-агъизиаудæр над Петри хумæтæги бæлæгъæй ба форди итигъдади тухгин наути æма ракетон адæмон дæлдонцæуæг крейсерти уæнгæ, исефтонг æй идарди æма хæстæги архайди хуæрзахедгæ денгизон авиацийæй, билгæрæнттæ гъæуайгæнæн æууæнккаг комплекстæй, дуйней нерæнгæ ка нæма ес, уæхæн нæуæгæй-нæуæгдæр гæрзефтонг системитæй, кæцити фæххуæздæр кæнунбæл нуртæккæ еудадзуг æма æнтæстгинæй архайæн…

Нæ абони радзубандий ба сæ бæрæгбони фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн Тугъдон-Денгизон Флоти ветерантæн, уæдта си абони е 'фсæддон ихæстæ ка æнхæст кæнуй, еци денгизонтæн. Æнтæстгин æма зæрдирай уотæ!

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ГÆТИЙТИ Светланæ.***


ГОКЪИНАТИ Виктор


ЦÆЛЛАГТИ Пантелей


Сергей МЕНЯЙЛО


Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Цæгат Иристони зæнхæбæл ка фæммард æй, уони номерæнæн Дзæуæгигъæуай Æрхонки 'хсæн æвæрд æй аци циртдзæвæн.

**Фондз æма сæдæ анзей размæ (1917 анзи 3 августи) рацудæй газет «Северная Осетия»-йи фиццаг номер. Зæрдиагæй арфæ кæнæн газети абони редакцион коллективæн сæ юбилейи фæдбæл.**

*Нæ маддæлон æвзагмæ тæлмацгонд мультикино нивтæмæ бакæсуни равгæ фæцæй республики районти скъолати арæзт сæрдигон лагерти, уæдта фæлладуадзæн дзæбæхгæнæн косæндæнтти сæ сæрдигон уолæфти рæстæг ка æрветуй, еци сувæллæнттæн.*

# ÆРИГОНÆЙ БАЗОНÆ ÆМА УАРЗÆ ДÆ ФИДИБÆСТÆ!..



Рæстæгутæ цудæнцæ, æма Цæгат Иристони æригæнтти туристон æзмæлд баргъонæйбаргъондæр кодта, æма, куд фæззæгъунцæ, еци гъуддаги Меккæ иссæй, хъæбæр бæрзонд цæстиварди адтæй æнæгъæнæ Советон Цæдеси дæр. Уомæн еу æвдесæн - 1976 анзи Цæгат Иристони арæзт æрцудæй æригон этнографти Еугуруæрæсеуон фиццаг фестиваль. Нæ командæ си иссæй лауреат.

1983 анзи балцити штаб «Мæ Райгурæн бæстæ – Советон Цæдес» Иристони скъолати бæлццон къуæртти куст банимадта Уæрæсей хуæздæртæй еуебæл.

Нæ республики сувæллæнтти туризми райрæзти гъуддагмæ алли æнзти сæ фæллойни хай бахастонцæ берæ искурдиадæгин æма еци гъуддагбæл æновуд адæймæгутæ. Зæгъæн: Мерденти Алексей, Виктор Голубев, Гудиати Ахпол, Беройти Барис, Владимир Станкевич, Тебиати Верæ, Вадим Федорович, Лагкути Барис, Скъиати Хъазбег, Бурнæцти Тотурбег, Кцойти Астемур æма берæ æндæртæ. Етæ сæ еугур хъауритæ æма зонундзийнæдтæ дæр лæвардтонцæ ирæзгæ фæлтæрти хæццæ кустæн. Еци рæстæгутæ ка æрæййафта æма ма абони цардæгас ка ‘й, етæ нерæнгæ дæр ма нæ иронх кæнунцæ, Бурнæцти Тотурбег ци туристон клуб «Тигр» исаразта, уой.

Цæгат Иристони адæмон ахуради министради бардзурдмæ гæсгæ, 1991 анзи арæзт æрцудæй сувæллæнти-фæсевæди туризми республикон центр. Уой фæрци еудадзугон иссæнцæ республикон-бæстæзонæн слеттæ, хуæнхбæстæмæ балцитæ.

Центри косгутæ алли анз дæр кæниуонцæ тематикон балцитæ «Фæдагоргути бон», «Æгасцо, сугъзæрийнæ сæрдæ!..», «Сугъзæрийнæ фæззæг». Стендтæ дзорæг æнцæ Центри косгути уодцирен кустбæл: «Туризм æма экологи», «Иристони хуæнхаг нæдтæбæл», «Æригон туристти республикон слет», «Музейи педагогикæ».

Алли анз дæр арæзт цудæнцæ семинартæ инструктортæ цæттæ кæнуни туххæй. Ами зæрдиаг куст кæниуонцæ Абайти Майрæм, Карсанти Витали, Гутъиати Альберт, Икъати Хъазбег, Симакин Володя æма æндæртæ.

Етæ сувæллæнтти республикон туризми райрæзти гъуддагмæ бахастонцæ зингæ байвæрæн. Центри кусти бундор адтæнцæ сувæллæнтти исфæлдистадон еугæндтæ скъолати æма сæрмагонд астæуккаг ахургæнæндæнтти. Косгæ ба си кодтонцæ уæхæн еугæндтæ, куд «Æригон бæстæзонæг», «Æригон географ», «Æригон эколог», «Æригон турист» æма æндæртæ. Ами косунцæ уæлæнхасæн ахури педагогтæ Мæхъити Барис, Геворкян Сергей, Базити Дианæ, Любовь Титова, Джиоти Маринæ, Гæтийти Светланæ. Етæ сувæллæнтти ахур кодтонцæ æртасуни кустбæл, цæуиуонцæ балцити. Уæлæнхасæн ахури ахургæнгутæ Гутъиати Альберт æма Бæлæути Фузæ иссæнцæ Устур Уæлахези 55 анзей кадæн Еугуруæрæсеуон конкурси уæлахезонтæ – хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Уæрæсей Федераций адæмон ахуради министради дипломтæй.

Центри косгутæ бастдзийнæдтæ дардтонцæ ахургæнгути зонундзийнæдтæ уæлдæргæнæн Институти, республики Спорткомитети, республикон спортивон скъолай, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети, музейтæ æма æндæр организацити хæццæ.

Центрæн берæ рæстæгути дæргъи арæхстгин разамунд фæллæвардта Æлбегонти Максим – адæмон ахуради отличник. Æригон туристти республикон станций директор иссæй 1955 анзи æма уæдæй фæстæмæ æновудæй фæккодта еци куст. Директори берæвæрсуг ихæстæ æнхæст кæнунæй уæлдай ма цæттæ кодта инстурктортæ-методисттæ дæр. Æ кустмæ цæйбæрцæбæл бæрнон цæстингасæй кастæй, уобæл дзорæг æй е дæр, æма еудадзуг архайдта, еци къабази нæ бæсти ци раззагдæр фæлтæрддзийнадæ фæззиннидæ, уой базонунбæл æма си хæдзардзинæй пайда кæнунбæл. Уой туххæй исфæлдистадон-зонадон балцити адтæй Мæскуй, Ленингради, Челябински…

Федарæй уотæ зæгъун æнгъезуй, æма Æлбегони-фурт агъазиау байвæрæн бахаста туризм æма бæстæзонадон къабази райрæзтмæ. Æ разамундæй æнтæстгинæй цудæнцæ æригон фæдагоргутæ-этнографти фестивальтæ.

Æ хуарз кусти туххæй Æлбегонти Максим хуарзæнхæгонд æрцудæй реубæлдаргæ нисанеуæгтæй «Адæмон ахуради отличник», «Физикон культурæ æма спорти отличник»…

Станци косгæй, Æлбегони-фурт исгъомбæл кодта æнæгъæнæ фæлтæр: туристон косгути, методистти. Уонæй беретæ сæ карнæ исбастонцæ туризми хæццæ.

* * *

***Æригон туристти республикон станций туххæй аци æрмæг цæттæ кæнгæй, испайда кодтан, Цæгат Иристони паддзахадон еугонд музейи сектори сæргълæууæг ГАДЗИТИ-БЕКЪУРТИ Фузæ кæддæр нæ республикон газеттæй еуеми ци æрмæг ниммухур кодта, уомæй. Уомæ гæсгæ си нæ ракой кодтан, абони нæмæ Цæгат Иристони сувæллæнтти туризм ци уавæри æй, уой туххæй. Фал нæ зæрди ес, тагъд рæстæги уой фæдбæл дæр сæрмагондæй радзорун.***

## НИЙЙЕРÆГИ КАПИТАЛИ СЕРТИФИКАТТÆ

Куд иннæ уæрæсейаг регионтæ, уотæ Цæгат Иристони дæр идарддæр æнхæстгонд цæуй нийиерæги капитали туххæй федералон программæ. Уотæ, 2022 анзи райдайæнæй нурмæ 2 438 цæгатиристойнаг бийнонтæ иссæнцæ нийиерæги капитали туххæй сертификатти хецæуттæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй амунд федералон программæ æ тухи æй 2026 анзи кæронмæ. 2022 анзи фиццаг сувæллони номбæл капитали бæрцæ æй 524 527,9 соми. Уой хæццæ ма, нæуæг уагæвæрдмæ гæсгæ, сертификати хецау исуни туххæй Пенсион фондмæ цæун нæбал гъæуй – нæуæгигурди туххæй бæрæггæнæнтæ афойнадæбæл бахъæртдзæнæнцæ, нийиерæги капитали туххæй программæ æнхæст кæнун ке бæрни æй, еци специалисттæмæ. Етæ еугур гъæугæ гæгъæдитæ дæр сæхуæдтæ исараздзæнæнцæ.

Бæрæг куд æй, уотемæй нийиерæги капитали сертификаттæ исхарзгæнæн ес бийнонти царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл, сувæллæнтти ахурадæбæл, мади федæни пенси æма æндæр нисантæбæл. Уой хæццæ ма, цубуркъох бийнонтæн аллимæйон паддзахадон агъази хузи лæвæрд цæуй нийиерæги капитали фæрæзнити еу хай дæр.

## АЛЛИ СКЪОЛАЙÆН ДÆР– ÆХЕ ТЕАТР!..

Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ** куд фегъосун кодта, уотемæй 2024 анзмæ нæ республики еугур скъолати дæр фæззиндзæнæй театртæ.

– Скъолати театрти ирæзти фарстайæн ес устур ахедундзийнадæ. 2024 анзмæ театртæ еугур скъолати дæр фæззиндзæнæй. Айдагъ ахургæнæндæнтти нæ, фал еугур республики инфрастуктурæ дæр нимад уодзæнæй театри фæзтæбæл. Сувæллæнттæн уодзæнæй театртæмæ æрбацæуни æма аллихузон мастер-класти архайуни барæ, – загъта министр.

Алибегони дзубандимæ гæсгæ, нури уæнгæ республики скъолати архайунцæ 63 театри. Цæгат Иристони ахуради æма культури Министрадтæ проект æнхæст кæнунцæ. Скъолатæ æмгуст кæндзæнæнцæ профессионалон театрти хæццæ. Режиссертæ æма аййевади æскъуæлхт архайгутæ æвзонг актертæн дæсниадилистæг фæззелæнти туххæй хабæрттæ радзордзæнæнцæ, уæдта син мастер-класстæ амондзæнæнцæ.



Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1530.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.07.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.07.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**